STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 17 novanm 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SENK PWOJÈ ATENYASYON AK REZISTANS NAN KA OURAGAN POU AYEWOPÒ LAGUARDIA

Pwojè $37,5 Milyon Pral Ogmante Pwoteksyon Enfrastrikti Vital yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te prezante jodi a gwo pwojè atenyasyon ouragan ak rezistans pou Ayewopò LaGuardia ki pral pwoteje enfrastrikti vital kont fiti inondasyon grasa ranfòsman kapasite drenaj, entalasyon mezi pou kontwole inondasyon, ak amelyorasyon rezistans kouran elektrik. Kou total pwojè a pal $37,5 milyon, ak $28,1milyon ladann ki sipoze kouvri ak lajan federal atravè yon prim pou retablisman ak atenyasyon apre katastwòf pou Port Authority New York ak New Jersey.

“Ouragan Sandy te fòse nou reevalye jan pou nou prepare ak entèveni nan katastwòf natirèl nan New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Kesyon an se pa èske yon lòt siklòn pral frape, men kilè, epi eta a ap fè sa l konnen pou li garanti enfrastrikti New York solid ak dirab lè moman an rive. Pwojè tankou sa yo pral amelyore anpil pwoteksyon kont inondasyon ak rezistans elektrik nan LaGuardia ak nan tout eta a. Gouvenman eta New York ap travay chak jou pou rekonstwi pi byen pase anvan.”

“Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Port Authority ap fè chanjman vital nan prensipal enfrastrikti nan Ayewopò LaGuardia pou garanti pòt dantre enpòtan sa ouvri epi ap opere san pèdi tan nan ka yon lòt gwo ouragan,” te deklare Direktè Egzekitif Port Authority a, Pat Foye. “Sa se yon lòt egzanp angajman Gouvènè a pou l wè Eta New York ap rekonstwi ak plis entelijans ak solidite.”

“Nan sitiyasyon ijans, nou genyen twa gwo responsablite anvè kliyan nou yo, ki se pwoteje lavi, pwoteje pwopriyete, epi relouvri biznis osito sa posib” te deklare Direktè Avyasyon Enterimè a, Thomas Bosco. “Pwojè sa yo enpòtan pou operasyon ayewopò nou yo epi m aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman li pou garanti ayewopò New York byen prepare pou nenpòt evenman inondasyon ki ka rive.”

Pwojè sa yo koresponn ak rekòmandasyon ki prezante nan Rapò Komisyon NYS 2100 Gouvènè Cuomo te kòmande a. Rapò 2100 an te prezante spesifikman pwoteksyon enfrastrikti ayewopò enpòtan, tankou pis aterisaj, atravè mezi pou kontwole inondasyon ak rezistans sistèm kouran elektrik.

Senk pwojè yo gen ladann:

1. Enstalasyon mi pou fòme yon baryè kont inondasyon toutotou West Field Lighting Vault, yon bilding ki loje sistèm ekleraj pis aterisaj ak vwa sikilasyon.
2. Konstriksyon yon mi beton kont inondasyon toutotou West End Substation lan ki enpòtan pou alimante sistèm ayewodròm san bliye stasyon ponpaj yo.
3. Konstriksyon dren gravite pou konplete rezo drenaj ki egziste deja pou retire dlo inondasyon nan ayewodwòm lan Pwojè sa pral enstale de dren gravite ki pral pèmèt dlo lapli siklòn dechaje nan Flushing Bay, sa ki konfòm ak paramèt anviwonman jounen jodi a.
4. Ranplasman jeneratris bakòp ki egziste deja ak jeneratris bakòp ki pi gwo ak pi efikas nan sitiyasyon ijans, pou yo ka bay kouran nan operasyon sou kote pis ak kote vil.
5. Reyablitasyon sistèm swivi ak kontwòl ayewopò an pou rezo distribisyon kouran LGA pou pèmèt ayewopò a kontwole ak rezoud pi vit pwoblèm ki genyen ak sistèm distribisyon elektrik li a. Pandan Sandy, eleman sistèm elektrik ayewopò a te fèmen pou evite dega pèmanan paske dlo inondasyon te sibmèje enfrastrikti elektrik enpòtan. Eleman sistèm elektrik ayewopò yo te blije relanse epi fonsksyone ak men yon fwa dlo inondasyon yo te seche. Pwojè sa pral ede ayewopò a fè fas pi byen ak move tan epi diminye tan retablisman ki swiv sitiyasyon grav atravè sistèm swivi ak kontwòl otomatik ak delwen.

Ayewopò LaGuardia se yon enstalasyon enpòtan anpil pou rejyon New York, ki anpwaye dirèkteman 10.000 moun epi kontribiye pou plis pase $13 milya nan aktivite ekonomik total nan rejyon an. Sipè Ouragan Sandy te gen yon enpak grav sou LaGuardia, ak plis pase 100 milyon galon dlo ki soti nan Flushing Bay pou inonde ayewodròm lan, sa ki te sispann operasyon vòl komèsyal nan ayewopò a pandan twa jou. Genyen apeprè 250.000 pasaje ki pa te kapab pran vòl ki te pwograme pandan siklòn lan ak touswit apre pasaj li.

LGA antoure ak yon sistèm mi ki fèt pou kenbe Flushing ak Bowery Bays pou yo pa inonde ayewopò a lè dlo monte pandan tanpèt. Sepandan, pandan Sipè Ouragan Sandy, vag tanpèt san parèy ki te rive prèske 12 pye a, te depase sistèm mi an epi te pote apeprè 100 milyon galon dlo inondasyon nan ayewopò a. LGA depann sou yon gwo tonton basen kaptaj dlo siklòn ak sistèm drenaj ki egziste deja, eki konekte ak senk stasyon ponpaj gwo kapasite. Dlo inondasyon Sandy te inonde stasyon ponpaj yo ak sous kouran yo ak plizyè pye dlo, sa ki te fè yo pa ka fonksyone pandan yon tan. Konstriksyon mi an pi wo kòm sèl repons pa fezab lè n konsidere FAA ak lòt limitasyon pou pèmèt operasyon vòl sou ayewodròm la.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418